



RICK SCOTT
GOVERNOR

JUSTIN M. SENIOR
SECRETARY

HeadOfHousehold
AddressLine1 AddressLine2
RecipientCity RecipientState 1234567890

27 jen, 2017



Byenveni nan pwogram Medicaid ki kontwole Asistans Medikal la (MMA). Pwogram MMA a se yon pati nan Medicaid ki kontwole Swen tout Eta Florid la. Ou te mande pou enskri manm fanmi sa a(yo) nan yon plan MMA.

Pou'w gen aksè a dosye ou pi vit, tanpri itilize PIN sekirite sa-a: XXXX

Non	Plan	Dat Efektif
RecipientName	HealthPlanName	7/1/2017

Tanpri sonje: Si elijibilite Medicaid ou chanje, ou gen dwa pa kapab antre nan yon plan MMA. Asire ke ou kenbe tout randevou e voye tout enfòmasyon yo mande nan Depatman Timoun ak Fanmi oswa Administrasyon Sekirite Sosyal ki gen rapò ak elijibilite ou.

Kisa k ap pase apre?

- Kounye a ou nan Medicaid. Ou ka kòmanse resevwa sèvis.
- Plan MMA ou (yo) ap voye kat Idantifikasyon (yo), yon manyèl manm, ak yon lis founisè.
- Si ou pa te chwazi yon Doktè Prensipal (PCP), plan ou pral chwazi yon pou ou. Ou ka chanje doktè prensipal (PCP) ou nenpòt lè si'w rele plan sante w.
- Pran yon randevou ak founisè ou a pou yon kontwòl.
- Si w gen kesyon sou sèvis plan sante w ofri, rele plan sante a.

**Ou gen dwa pou'w chanje plan.
Gade dèyè paj la pou dwa ou genyen pou'w chanje plan.**



DWA'W POU CHANJE PLAN

Kou ou fin enskri nan plan'w lan, w'ap genyen 120 jou pou chanje plan. Si ou vle chwazi yon lòt plan, ou oblije fè sa avan 10/29/2017. Aprè dat sa-a, si ou ta vle chanje plan, w'ap kapab fè sa sèlman yon fwa pa ane nan tan espesyal ki rele Anwolman Ouvri. Avan peryòd Anwolman Ouvri-a kòmanse, w'ap resevwa yon lèt pou raple'w ak enfòmasyon de chwa plan ou ka fè yo.

Si ou ta vle chanje plan nan tan ki pa nan peryòd Anwolman Ouvri-a, w'ap oblije genyen yon bon rezon ke eta apwouve. Pou plis enfòmasyon oswa pou'w ka konnen si'w gen yon bon rezon, rele 1-877-711-3662 oswa vizite www.flmedicaidmanagedcare.com.